



Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU PWOTEJE TÈT YO KONT VIRIS NIL OKSIDANTAL AK LÒT MALADI KE MOUSTIK TRANSMÈT YO AVAN WIKENN FÈT TRAVAY LA**

*Yo ankouraje Nouyòkè yo pran prekasyon pou anpeche moustik pike yo*

*Yo rapòte ven ka Nil Oksidantal ane sa a nan tout Eta*

*Yo konfime ansefalit ekin lès nan cheval nan plizyè Konte nan Eta New York*

[Gade mesaj Gouvènè Hochul pou Nouyòkè yo](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te raple Nouyòkè yo pou yo pran prekasyon pou anpeche moustik pike yo epi pwoteje kont maladi tankou viris Nil Oksidantal (West Nile virus, WNV) ak Ansefalit Ekin Lès (Eastern Equine Encephalitis, EEE). Gouvènè a te afiche tou yon videyo sou rezo sosyal yo ak lòt konsèy sou sekirite epi li te ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye pwopaje pawòl la. [Gade videyo konplè aisit la.](#)

"Nou vle moun yo soti deyò wikenn Jounen Travay sa a epi jwi bote Eta New York la, men nou vle yo fè sa san danje ak sante yo nan lespri yo lè yo pran mezi apwopriye pou pwoteje kont moustik ki pote maladi tankou viris Nil Oksidantal la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Prevansyon rete metòd pwoteksyon ki pi efikas kont ekspozisyon fas ak maladi moustik yo transmèt epi li ka senp tankou pwoteje po ou kont ekspozisyon ak rad epi aplike pwodui ki repouse moustik yo."

Genyen 10 ka viris Nil Oksidantal (WNV) lakay moun yo rapòte kounye a andeyò Vil New York dapre [Departman Sante Eta New York la.](#) Genyen tou 10 ka imen ki rapòte nan Vil New York dapre [Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York.](#)

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Malgre piki moustik yo souvan konsidere kòm yon ti dezagreman nan lavi a, ane sa a nou wè moustik pi pozitif kòm dabitid. Mete pwodui ki repouse ensèk, retire ma dlo epi mete rad ki apwopriye diminye risk. Moustik yo pral prezan nan kominote nou yo jiska omwen nan fen mwa septanm nan, kidonk li enpòtan pou nou sonje ki jan nou ka pwoteje tèt nou lè nou pase tan deyò."

Viris Nil Oksidantal, yon enfeksyon ki ka lakòz maladi grav epi, nan kèk ka lanmò, transmèt bay moun ak kèk bèt atravè piki yon moustik ki enfekte. Se pa tout moustik ki gen WNV, ki te premye idantifye nan Eta New York an 1999. Depi 2020, yo rapòte 115 ka imen WNV ak uit lanmò nan Eta New York, eksepte Vil New York.

Pifò moun ki enfekte ak WNV pa devlope okenn siy oswa sentòm. Si maladi a devlope, sentòm yo anjeneral parèt twa a 15 jou apre yon moustik ki enfekte pike. Moun ki gen ka WNV lejè yo ka devlope lafyèv, maltèt, doulè nan kò epi pafwa yon gratèl sou po oswa glann anfle. Moun ki gen WNV sevè gen aparisyon tèt fè mal toudenkou, gwo lafyèv, kou yo rèd, feblès nan misk, chanjman estati mantal, tranbleman, konvilsion ak/oswa paralizi, epi nan kèk ka, WNV sevè ka lakòz lanmò.

Ansefalit Ekin Lès (EEE) se yon maladi viral ki pi ra, men ki grav anpil, ke moustik pwopaje ki ka afekte moun ak chwal yo. Pandan ke te gen 14 chwal ki te teste pozitif nan Eta New York ete sa a, pa gen [kounye a pa gen okenn ka imen yo rapòte nan Eta New York](#).

Moun tout laj yo ka sibi enfeksyon, men moun ki gen plis pase 50 ane ak mwens pase 15 zan gen plis risk pou yo devlope sentòm grav. Pandan ke pifò moun yon moustik ki enfekte mòde pa pral devlope okenn sentòm, ka sevè yo ka kòmanse ak aparisyon tèt fè mal toudenkou, gwo lafyèv, frison ak vomisman. Answit maladi a ka pwogrese an dezoryantasyon, kriz, ansefalit, ak koma. Apeprè yon tyè nan pasyan ki devlope EEE mouri, pandan ke anpil pasyan ki siviv EEE fè eksperyans andikap newolojik.

Pa gen okenn vaksen imen ki disponib komèsyalman pou EEE oswa WNV, epi pi bon pwoteksyon an se anpeche moustik pike w.

Prekosyon sa yo trè rekòmande pou diminye risk enfeksyon WNV ak EEE:

- Mete manch long lè w deyò, sitou lè solèy kouche oswa nan maten byen bonè, lè nan jounen an kote moustik yo pi aktif.
- Sèvi ak pwodui ki repouse ensèk ki gen DEET, pikaridin oswa IR3535, epi aplike sou tèt krèm pwoteksyon kont solèy. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwodui ki repouse moustik [isit la](#). Asire ou ke ou swiv enstriksyon yo sou etikèt pwodui ki repouse ensèk yo. Timoun yo pa ta dwe manyen pwodui ki repouse moustik yo dirèkteman. Olye de sa, granmoun yo ta dwe aplike pwodui pou repouse moustik yo nan pwòp men yo dabò epi answit pwopaje dousman sou po timoun ki ekspoze a. Evite aplike l dirèkteman nan men timoun yo. Apre w fin retounen andedan kay la, lave po ak rad trete pitit ou a ak savon ak dlo oswa bay timoun nan yon beny. Bèt kay yo ka pwoteje ak esprey kont pinèz espesyalman sa ki fèt pou bèt yo.
- Asire w ke gen moustikè nan fenèt ak pòt kay yo. Asire w ke moustikè yo pa chire, rpi yo pa gen twou.
- Jete dlo nan bokit ak lòt veso, kouvèti pisin, po seramik ak bourèt.
- Jete dlo nan patojwa yo lè yo pa itilize yo.

- Debouche drenaj yo ak goutyè yo pou pèmèt dlo koule.
- Chanje dlo beny zwazo yo chak jou.

Vwayajè yo gen yon risk potansyèl pou yo trape maladi tankou lafyèv deng ak malarya. Kounye a gen plis risk pou transmisyon viris deng nan peyi Etazini.

Lafyèv Deng se yon maladi ki lakòz pa yon piki moustik ki enfekte ak nenpòt nan kat viris Deng espesifik yo. Deng ka lakòz gwo lafyèv, gwo maltèt, doulè dèyè je, doulè nan jwenti, ak doulè nan misk. Moustik ki pote maladi sa a sitou nan zòn twopikal yo, kidonk vwayajè yo ka rive nan Etazini ak lafyèv deng. Malgre ke pifò ka ki rive nan Etazini yo asosye ak vwayaj nan zòn kote deng lan andemik, te gen epidemi okazyonèl nan transmisyon viris deng lokal yo, patikilyèman nan eta sid yo.

Malarya se yon maladi grav epi pafwa fatal ki te koze pa pike yon moustik ki enfekte ak youn nan kat parazit sangen malarya yo. Moustik femèl ki enfekte yo responsab pwopagasyon maladi bay imen. Nan Etazini, pifò enfeksyon yo se yon rezilta vwayaj nan peyi etranje, menm si transmisyon lokal yo te fèt, sitou nan eta tankou Florid ak Texas. Nan Eta New York, prèske tout ka malarya asosye ak vwayaj etranje, sepandan, gen kèk ka ki ra nan transmisyon malarya lokal nan Long Island ak Vil New York.

Byenke se pa piki moustik la ki transmèt li prensipalman, viris Owopouch se yon enkyetid tou pami vwayajè k ap retounen New York ki soti nan Karayib la, Amerik Santral ak Amerik di Sid. Li transmèt pa piki ensèk mouchwon epi li ka lakòz lafyèv, maltèt, frison ak doulè nan misk ak jwenti. Yo souvan twonpe epi pran li pou lafyèv deng. Menm jan ak Nil Oksidantal la, nan kèk ka li ka lakòz sentòm newolojik. Gen enkyetid ke enfeksyon Owopouch nan fanm ansent ka mennen nan rezilta gwosès negatif.

Nouyòkè k ap vwayaje epi retounen soti nan zòn kote lafyèv deng, malarya ak Owopouch prezan ta dwe pwoteje tèt yo kont piki ensèk yo lè yo sèvi avèk menm mezi prevansyon yo rekòmande pou pwoteje kont WNV ak EEE.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou viris Nil Oksidantal la [isit la](#).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou ansefalit ekin lès la [isit la](#).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou lafyèv deng [isit la](#).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou malarya [isit la](#).

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Owopouch [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)